MAKTABGACHA VA MAKTAB TA'LIMI VAZIRLIGI

PEDAGOGIK MAHORAT VA XALQARO BAHOLASH ILMIY-AMALIY MARKAZI

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MEKTEPKE SHEKEMGI HÁM MEKTEP BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**
**PEDAGOGIKALÍQ SHEBERLIK HÁM XALÍQARALÍQ BAHALAW ILIMIY-ÁMELIY ORAYÍ**

2023-2024 OQÍW JÍLÍNDA DÓRETIWSHILIK MEKTEPLERDIŃ 9-KLASS OQÍWSHÍLARÍ USHÍN

# QARAQALPAQ TILI

PÁNINEN JUWMAQLAWSHÍ ATTESTACIYASÍN ÓTKERIW BOYÍNSHA METODIKALÍQ USÍNÍS HÁM MATERIALLAR



# I.YUSUPOV ATÍNDAǴÍ DÓRETIWSHILIK MEKTEBINIŃ 9-KLASS PITKERIWSHILERI USHÍN ANA TILI PÁNINEN JUWMAQLAWSHÍ MÁMLEKETLIK ATTESTACIYA IMTIXANÍ TAPSÍRMALARÍNÍŃ SPECIFIKACIYASÍ

**Dúziwshi: Allambergenova Gulchexra Qoylıbaevna–** *I.Yusupov atındaǵı dóretiwshilik mektebiniń joqarı kategoriyalı qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni muǵallimi.*

**Pikir bildiriwshi: Kazimbetova Ziyuar** – *Filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), I.Yusupov atındaǵı dóretiwshilik mektebiniń joqarı kategoriyalı qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni muǵallimi.*

I.Yusupov atındaǵı dóretiwshilik mektebinde bilim alıp atırǵan 9-klass oqıwshıları arasında juwmaqlawshı attestaciya jumısı eki bólimnen ibarat bolıp, onda oqıwshılar 17 tapsırmanı orınlawı kerek. Bul tapsırmalar usı pándegi 7-8-9-klass sabaqlıqları temaları tiykarında beriledi.

| Bólimler | Sınaqtan ótkeriliwshi kónlikpe | |
|---|---|---|
| I bólim | Oqıwshılar sabaq barısında alǵan teoriyalıq bilimlerin ámelde qollana alıwı | 16 tapsırma |
| II bólim | Oqıwshılar berilgen tekstti oqıp, mazmunlıq jaqtan túsine alıwı hám ol ústinde tapsırmalardı orınlay alıwı | 1 tapsırma |

I bólim ushın juwaplar bir san, birneshe sanlar yamasa 1 sóz formasında jazıladı (Tómende berilgen qosımsha úlgige qarań)

**Berilgen 1-16-tapsırmalardıń juwapları jabıq formada bolıp, oqıwshıdan juwap jazıw talap etiledi.**

**16 tapsırma 5 baldan 80 ball menen bahalanadı.**

II bólim 17-tapsırma boyınsha oqıwshıǵa oqıp túsiniwge arnalǵan 1 tekst berilip, onıń ústinde jumıs islew ushın 4 tapsırması beriledi.

**Bul tapsırmalardıń hárbirine 5 ball berilip, jámi 20 ball menen bahalanadı.**

Imtixan juwmaǵında jámi 100 ball toplanıwı kerek.

Tapsırmalardı orınlaw barısında qaralama qaǵazdan paydalanıwǵa ruqsat etiledi. Berilgen **3 saattan** únemli paydalanılǵan halda, barlıq tapsırmalar orınlanıwı kerek.

Anıq juwap talap etpeytuǵın pikirlewge baylanıslı sorawlarǵa juwapları sorawǵa sáykes kelse durıs dep qabıllanadı.

## Tapsırmalardı bahalaw ólshemi

Oqıwshılardıń tapsırmaları ana tili páni ushın 100 ballıq sistemada tómendegishe bahalanadı:

**0 – 29% – "qanaatlandırarsız";**

**30–65% – "qanaatlandırarlı";**

**66–85% – "jaqsı";**

**86–100% – "ayrıqsha"**

Hárbir tapsırma ushın belgilengen baldan joqarı ball qoyıwǵa jol qoyılmaydı.

## 9-KLASLAR USHÍN ANA TILI PÁNINEN JUWMAQLAWSHÍ ATTESTACIYA

## SPECIFIKACIYASÍ

| № | Ana tili páninen iyelengen kónlikpeler | Forması | Biliw | Qollanıw | Pikirlew |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Kómekshi sóz shaqaplarınıń túrlerin biliw | Bir juwaplı | 1 | | |
| 2 | Gáp aǵzaları, onıń sintaksislik xızmeti hám gáp qurawdaǵı xızmetleri haqqında biliw | Bir juwaplı | 1 | | |
| 3 | Kómekshi sóz shaqapların durıs qollanıw | Bir juwaplı | | 1 | |
| 4 | Tekst haqqında biliw | Bir juwaplı | 1 | | |
| 5 | Gáp aǵzaların tallay alıw | Bir juwaplı | | 1 | |
| 6 | Diolog haqqında, shıǵarma hám onıń túrleri, epigraf haqqında biliw | Bir juwaplı | 1 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 7 | Sózlerdi baylanıstırıwshı qurallardı durıs qollanıp, ajırata aladı | Bir juwaplı | | 1 | |
| 8 | Sóz dizbeklerin basqa til birliklerinen ajırata aladı | Bir juwaplı | | 1 | |
| 9 | Gápti mazmunlıq jaqtan durıs qollana aladı | Bir juwaplı | | 1 | |
| 10 | Gápti dúzilislik jaqtan durıs ajırata aladı. | Bir juwaplı | | 1 | |
| 11 | Qospa gáp túrlerin durıs qollana aladı | Bir juwaplı | | 1 | |
| 12 | Feyil bir bas aǵzalı gáplerdi durıs qollana aladı | Bir juwaplı | | 1 | |
| 13 | Gáptiń mazmunı hám dúzilisi jaǵınan qanday túrlerge bólinetuǵının biledi | Bir juwaplı | 1 | | |
| 14 | Sóz gáplerdi durıs ajıratıp, qollana aladı | Bir juwaplı | | 1 | |
| 15 | Birgelkili aǵzalardı, olardıń irkilis belgilerin durıs qollana aladı | Bir juwaplı | | 1 | |
| 16 | Ayırımlanǵan aǵzalardı, onıń irkilis belgilerin durıs qollana aladı. | Bir juwaplı | | 1 | |
| 17 | Tekstti oqıp túsine alıw. Onıń ideyasın hám mazmunın ańlaw. Tekstke mazmunına say tema qoya alıw. Tekst quramındaǵı sózlerdiń leksikalıq, grammatikalıq hám stillik anıqlamaların biliw, olardı ózgesheliklerin ajırata alıw. Tekstte qollanılǵan gáplerdi túrlerge ajırata alıw | Bir juwaplı | | | 4 |

## 9-KLASS PITKERIWSHILERI USHÍN ANA TILI PÁNINEN JUWMAQLAWSHÍ ATTESTACIYA BILETLERI

## I variant

1. **(B).** Sóz shaqapların ne ushın mánili hám kómekshi sóz shaqapları dep bólip qaraymız. Qısqasha túsinik jazıń.

   **Juwap:**________________________________________________________

   ______________________________________________________________

   ______________________________________________________________

   ______________________________________________________________

   ________________________________________________

2. **(B).** Gáp aǵzalarınıń sintaksislik xızmeti boyınsha túrlerin jazıń.

   **Juwap:**________________________________________________________

   ______________________________________________________________

   ______________________________________________________________

   ___________________________________________________

3. **(Q).** Gúzde ... qısta kekliklerge jem jetispeydi, .... olar joldan ótip qorıqqa kelip, jigildik hám basqa da nárseler menen awqatlanadı.

   **Juwap:**________________________________________________________

   __________________________________________________________

4. **(B)**. Mánilik jaqtan izbe-iz baylanısqan sóylew birliklerine ne dep ataymız?

   **Juwap:** ___________________________________________________

5. (Q). Ol kózdi ashıp jumǵansha jetip keldi. Gáptegi turaqlı sóz dizbegi qanday aǵza xızmetinde kelgen?

   **Juwap:** ______________________________________________

6. (B). Eki yamasa birneshe adamnıń sóylesiwi ne dep ataladı?

   **Juwap:** _______________________________________________

7. (Q). Araldıń suwı, kóldiń balığı, jaqsı oqıw, qálem menen jazdı, bes dápter, on oqıwshı, anaw - Qarataw, inim ushın aldım, kólge qaray ketti. Mısallardan orın tártip arqalı baylanısqan sózlerdi terip jazıń.

**Juwap:**___________________________________________________

___________________________________________________________

8. (Q) Uzın boylı, qızıl shalǵıshlı, kózdi ashıp jumǵansha, úlken jay, qızıǵıp qaraw, kóz ushında, alıp barıw. Mısallar arasınan sóz dizbeklerin ajıratıp jazıń.

**Juwap:**___________________________________________________

___________________________________________________________

9. (Q). Azan, shıǵıw, erteń, kerek, kólge, menen. Joqarıdaǵı sózlerden paydalanıp gáp qurań, hám ol gáptiń mazmunı boyınsha qaysı túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**______________________________________________

10. (Q). Saw, aspannıń, joq, jeri, juldızlar, jaynaǵan, sıǵasıp, menen, tur. Sózlerden gáp qurań hám dúzilisi jaǵınan gáptiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın jazıń.

**Juwap:**___________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________

11. (Q). 1. Asqar átirapqa qaraydı. 2. Heshnárse kórinbeydi. Gáplerdi dizbekli qospa gáp kórinisinde jazıń. Dizbekli qospa gáptiń qaysı túri ekenin jazıń.

**Juwap:**_____________________________________________

____________________________________________________

____________________________________________________

12.(Q). Araladıq, Ótegen, 140, paxtasın, gektar, aǵanıń. Sózlerdiń tártibin durıs jaylastırıp gáp qurań, feyil bir bas aǵzalı gáptiń qaysı túri ekenligin aytıń.

**Juwap:**______________________________________________________

_____________________________________________________________

_____________________________________________________

13.(B). Gáptiń mazmunı boyınsha túrlerin jazıń.

**Juwap:**______________________________________________________

________________________________________________________

14. (Q). Maqullawshı sóz gáplerge úsh mısal keltirip jazıń.

**Juwap:**_____________________________________________________________

___________________________________________________________________

___________________________________________________________________

15.(Q). Gáp adamgershilikte, uqıpta hám iskerlikte. Birgelkili aǵzalardı tawıp, qaysı aǵza ekenligin jazıń.

**Juwap:**_____________________________________________________________

___________________________________________________________________

_________________________________________________________________

16. (Q). Biylerdiń jas úlkenleri - Murat shayıq penen Írısqul biy ortaǵa xandı alıp otırdı. Sızıqsha ne sebep qoyılǵan?

**Juwap:**_____________________________________________________________

___________________________________________________________________

___________________________________________________________________

17. (P). Tekstli tapsırma.

Arzıw, niyet, joba, maqset túsinikleriniń bir-birinen parqı bar. Adam óz aldına qatań jobalastırǵan maqsetti qoyıwı onıń ámelge asıwın kepillendiredi.

Onıń ushın aldın maqsetti durıs qoyıw talap etiledi.

Maqsettiń arzıwdan ajıralıp turatuǵın tárepleri tómendegilerde kórinedi:

1. Anıqlıq dárejesi.
2. Jobaǵa tiykarlanǵanlıǵı.
3. Insannıń qábileti hám imkaniyatları dárejesine muwapıq keliwi.
4. Anıq is-háreketler menen is-ilajlardıń ámelge asırılıwı.
5. Erisiw imkaniyatınıń bolıwı.
6. Ólshemge yaki muǵdarǵa iyeligi.
7. Waqıt birligi tiykarında tártiplestirilgenligi.
8. Aqıllılıq penen is tutıw dárejesi.

Tómendegilerdi maqsetke erisiwdiń eń tiykarǵı talapları sıpatında sanap ótiw múmkin:

**Insan negizinde neni qáleytuǵının anıq belgilep alıw lazım!(*1)***

Bazda maqsettiń aldınnan durıs islep shıǵılmaǵanlıǵı sebepli olarǵa erisiwdiń imkanı joqtay túyiledi. Bunıń ushın insan ózi neni qálep atırǵanın anıq biliwi, onı tolıq qıyalına keltiriwi zárúr.

Maqsetlerdi durıs qoyıw hám olarǵa erisiw baxıtlı ómir girewi. Biraq hárdayım umtılıp atırǵan nárselerimizdi durıs sáwlelendire almaw da baqlanadı. Bul bolsa arzıwlardıń arzıwlıǵınsha qalıp ketiwi, ómirde jeterli tabıslarǵa erise almawın keltirip shıǵaradı.

**Aldı menen maqsetti durıs islep shıǵıw zárúr. *(2)***

Maqsetlerdi ideyalar sıyaqlı qaǵaz (qoyın dápter, kúndelik) ǵa jazıp barıw kerek. Detalına shekem jazılǵan maqsettiń ámelge asıw itimalı joqarı keledi. Eger maqsetlerińizdi qaǵazǵa jazbay, yadıńızda saqlayman dep isenseńiz, olarǵa erisiwge de úlken úmit qılmań. Olardı arzıwlar qatarına kirgizip qoyıwıńız múmkin.

Sonıń ushın birneshe Batıs alımları tárepinen maqsetti durıs qoyıw texnikası islep shıǵılǵan.

1.Tapsırma. Tekst mazmunınan kelip shıǵıp oǵan tema qoyıń. Tańlaǵan temańız soraw gáp mazmunında berilgen bolsın.

**Juwap:**__________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

2. Tapsırma.Ajıratıp kórsetilgen 1-gáp jay gáptiń dúzilisi boyınsha qaysı túrine kiredi?

**Juwap**:_______________________________________________________

_________________________________________________________________

3. Tapsırma. Ajıratıp kórsetilgen gáp jay gáptiń qaysı túrine kiredi.

**Juwap:**_______________________________________________________

_________________________________________________________________

4. Tapsırma. Eń sońǵı gáptiń baslawıshın jazıń.

**Juwap:**_______________________________________________________

_________________________________________________________________

**II variant**

1. (B). Kómekshi sóz shaqaplarınıń túrlerin jazıń.

   **Juwap:**__________________________________________________________

   ______________________________________________________________

2. (B). Gáp aǵzalarınıń dúzilisine qaray túrlerin jazıń.

   **Juwap:**__________________________________________________________

   ______________________________________________________________

3. (Q). Adam ilim menen joqarı kóteriledi. Gápten kómekshi sózdi tawıń hám qaysı túri ekenin jazıń.

   **Juwap:**__________________________________________________________

   ______________________________________________________________

4. (B).Tekst ataması qaysı tilden alınǵan hám ne degendi ańlatadı?

   **Juwap:**__________________________________________________________

   ______________________________________________________________

5. (Q). Ol joldasınan kitap sorap aldı. Qanday gáp aǵzalarınan turatuǵın gáp ekenligin izbe-izlikte jazıń.

   **Juwap:**

   ______________________________________________________________

   ______________________________________________________________

6. (B). Dialogtaǵı hárbir adamnıń soraw-juwap túrindegi gápi ne dep ataladı?

   **Juwap** : ________________________________________________________

7. (Q). Ol oqıtıwshısı ... sálemlesip, oqıw xanası... kirdi. Gápti tiyisli baylanıstırıwshı qurallar qoyıp qayta kóshirip jazıń, qanday baylanıstırıwshı qurallar menen baylanıstırǵanıńızdı da jazıń.

   **Juwap:**

   ______________________________________________________________

   ______________________________________________________________

   ______________________________________________________________

8. (Q). Uzın boylı, qızıl shalǵıshlı, kózdi ashıp jumǵansha, úlken jay, qızıǵıp qaraw, kóz ushında, alıp barıw. Mısallar arasınan qospa sózlerdi ajıratıp jazıń.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

9. (Q). Bayanlawıshı buyrıq meyildiń II hám III bettegi túrleri arqalı jasalǵan gápke mısal keltiriń hám gáptiń mazmunı boyınsha qanday gáp ekenligin jazıń.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

10. (Q). Mánisi jaǵınan orın mánisin atap bildirip kelgen bir bas aǵzalı gápke mısal jazıń hám bir bas aǵzalı gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

11. (Q). Qatnasıq sózler arqalı baylanısqan qospa gápke mısal jazıń hám qospa gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

12.(Q).Bayanlawıshı anıqlıq meyildiń 3-bet ótken máhálindegi feyilden bolǵan feyil bir bas aǵzalı gápke mısal jazıp hám feyil bir bas aǵzalı gáptiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın jazıń.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

13. (B). Gápler dúzilisine qaray qanday túrlerge bólinedi.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

14. (Q). Ya quday! Seyilbek quwanǵanınan baqırıp jiberdi. Mısaldan sóz gápti tawıp jazıń, qaysı túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

15. (Q). Gezekles dáneker arqalı baylanısqan birgelkili aǵzaǵa mısal jazıń, hám birgelkili qaysı aǵza ekenligin jazıń.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

16. (Q). Bala shaǵam Taxtakópir bette- Bórshi tawınıń etegine jasaydı. Ayırımlanǵan ayqınlawıshtı tawıp hám qaysı aǵzanı ayqınlap kelgenin jazıń.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

17. (P). Teksti oqıp shıǵıp tapsırmalardı orınlań.

Dáslepki waqıtları S.P Tolstovtın ekspediciyası quramında xudojnik sıpatında kelgen Savickiy adamlar menen dilmash arqalı sóylesip jaqın jerdegi awıllarǵa barıp júrip, olardıń úylerinde itibardan shette qalıp atırǵan qol ónerinin dóretpelerin kórip olardaǵı gózzallıqtı, sheberlikti kórip hayran qaladı hám qızıǵadı. «Ne ushın bul zatlar usınday bolıp dıqqattan shette qalıp atır» dep soraǵanında ápiwayı, sada awıl adamları «Birinshiden, bul zatlar házir bizlerge kerek emes, ekinshiden, házir úyinde usınday burıngı zamannıń zatları bar insanlar «xalıq dushpanı» degen at penen kóp qıyınshılıqlarǵa ushırasıp atır. Sonıń ushın, bulardı úyimizde saqlaǵımız kelmeydi, eger sizge kerek bolsa alaǵoyıń» dep dáslepki waqıtta oǵan qurılay beredi. Keyin ala Savickiy «bunday zatlardı

men pulsız almayman» dep aqsha berip baslaydı. Keyin ala Respublika basshısı Savickiydiń islerin kútá qollap-quwatlaydı hám oǵan muzey ashıwǵa arnawlı qarar shıǵaradı. Solay etip, 1966-jılı usı muzey ashıladı. Savickiy qaraqalpaq tilin bilmewine qaramastan, bilgen azǵana sózleri menen yamasa aradaǵı dilmash arqalı sóylesip, xalıq penen til tabısıp kórkem-óner dóretpeleriniń úlgilerin, yaǵnıy kestelengen kiyimlerdi, toqılǵan gilemshilik úlgilerin, qara úydiń baw-shuwların, zergerlik buyımların, aǵashtan, teriden islengen buyım, áspab-úskene hám qurallardı, qullası qol miyneti menen tayarlanǵan qanday gózzallıq dóretpeleri bolsa bárin alıwǵa háreket etedi. Bunday baǵdarda oǵan belgili akademik Marat Nurmuxamedov, belgili xudojnik Qıdırbay Sayıpov, ilimpaz Ábdimurat Jarılqaǵanov, onıń ómirlik joldası Ulbosın Qaljanovalar járdem beredi hám nátiyjede olar awılma-awıl júrip zatlardı jıynawdı baslaydı.

1. Tapsırma . Tekstten úzindi ne haqqında ekenligin pikirlep jazıń.
   **Juwap:**
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________
2. Tapsırma . Tekstte qollanılǵan tuwra gáplerdi kóshirip jazıń.
   **Juwap:**
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________
3. Eń sońǵı gápte qanday birgelkili aǵza qollanılǵan.
   **Juwap:**
   ______________________________________________
   ______________________________________________
4. Eń sońǵı gáp jay gáp yaki qospa gáp ekenligin jazıń, hám qanday túri ekenligin jazıń.
   **Juwap:**
   ______________________________________________
   ______________________________________________

## III variant

1. (B). Dánekerlerdiń neshe túri bar?

   **Juwap:**______________________________________________________

   ______________________________________________________________

2. (B). Gáptiń bas aǵzaların jazıń.

   **Juwap:_**_____________________________________________________

   ______________________________________________________________

3. (Q). Awıl, paxta, deyin, suw, haqqında, jer, oqıw, shekem, tabıs, bárekella, menen, tuwralı. Kómekshi sózlerdi ajıratıp jazıń.

   **Juwap:**______________________________________________________

   ______________________________________________________________

4. (B). Kórkem shıǵarmalarda tekst qanday formalarda dúziledi?

   **Juwap:**______________________________________________________

5. (Q). Ay meniń qutlı dalam, házir jıyın terimnen keyin dem alıp atırsań. Gáp aǵzalarına tallap, izbe-iz jazıp kórsetiń.

   **Juwap:**______________________________________________________

   ______________________________________________________________

6. (B). Ápiwayı kórinistegi shıǵarma jobası qanday cifrlar menen belgilenedi?

   **Juwap:**______________________________________________________

7. (Q).Aspan... jeti qaraqshı juldız... izle.... Gápti grammatikalıq qurallar járdeminde baylanıstırıp, qayta jazıń.

   **Juwap:**______________________________________________________

   ______________________________________________________________

8. (Q).Uzın boylı, qızıl shalǵıshlı, kózdi ashıp jumǵansha, úlken jay, qızıǵıp qaraw, kóz ushında, alıp barıw. Mısallar arasınan turaqlı sóz dizbeklerin ajıratıp jazıń.

   **Juwap:**______________________________________________________

   ______________________________________________________________

9. (Q).Ma/me, sha/she, ba/be, pa/pe kómekshi sózleri qaysı kómekshi sóz túrine kiredi, hám qanday gápte qollanıladı, mısal jazıń.

**Juwap:**________________________________________________

______________________________________________________

10. (Q). Jay gápler bas aǵzalardıń tolıq qatnasıw hám qatnaspawına qaray túrlerin jazıń hám mısallar keltiriń.

**Juwap:**________________________________________________

______________________________________________________

11. (Q). Mektepke keldim. Oqıwshılar hámmesi kelip bolǵan eken. Bul eki gápti qospa gáp túrine aylandırıń, (shárt meyil bayanlawısh forması arqalı baylanıstırıń) nátiyjede qanday qospa gáp túri payda bolǵanın jazıń.

**Juwap:**________________________________________________

______________________________________________________

12. (Q). Mánisi bir betke qaratılmay, ulıwma úsh betke qaratıla aytılǵan gápke mısal jazıń, bul feyil bir bas aǵzalı gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**________________________________________________

______________________________________________________

13. (B). Qospa gápler jay gáplerdiń baylanısıw usılı hám mánisine qaray neshege bólinedi hám qanday túrleri bar ekenligin jazıń?

**Juwap:**________________________________________________

______________________________________________________

14. (Q). Tiykarǵı gápten ańlasılǵan pikirge sóylewshiniń hárqıylı tuyǵı sezimlerin bildiretuǵın (quwanıw, tańlanıw, qayǵırıw t.b) sóz gápke mısal keltiriń hám bul sóz gáptiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın jazıń.

**Juwap:**________________________________________________

______________________________________________________

15. (Q). Awıspalı dánekerler arqalı baylanısqan birgelkili aǵzalı gápke mısal jazıń, birgelkili qaysı aǵza ekenligin jazıń.

**Juwap:**_____________________________________________

_____________________________________________

_____________________________________________

16. (Q). Ayırımlanǵan ayqınlawısh pısıqlawıshqa mısal jazıń.

**Juwap:**_____________________________________________

_____________________________________________

17. (P). Tekstti oqıp shıǵıp, tapsırmalardı orınlań.

Quyash sistemasındaǵı eń kishi planeta – Merkuriy. Planeta Rim qudayı Merkuriy atı menen atalǵan. Merkuriydi baqlaǵan birinshi astronom Galileo Galiley edi*. **(1)Merkuriydiń ózine tán táreplerinen biri basqa barlıq planetalardan kishi ekenligi***. Merkuriy atmosferasınıń tiykarǵı ximiyalıq elementi geliy bolǵanlıǵı sebepli ol juldız sıyaqlı jarqın. Ápiwayı teleskop járdeminde de usı ájayip planetanı kóriw múmkin. Azanda quyash shıqqanda yamasa keshqurın Quyash batqanında bolsa teleskopsız da baqlaw múmkin. Merkuriy Quyashqa basqa planetalardan kóre jaqın. Ol jerge qaraǵanda jeti ese kóp quyash energiyasın aladı. (2***) Merkuriydiń beti Aydıń betine usaydı: kóp sanlı karterler bar, olardıń bazıları birqansha tereń***. Astronomlar Merkuriydiń yadrosında temir bar degen boljawdı aytqan edi. Keyin ala Merkuriy yadrosında temir basqa planetalarǵa qaraǵanda joqarı ekenligi anıqlandı.

Merkuriy óziniń magnit maydanına iye, biraq Jerden birneshe márte kúshsizirek. Bul yadro suyıq bolıwı múmkin ekenligin kórsetedi. Merkuriyde tábiyiy joldaslar joq. Orbitada planeta tegis emes háreket etedi. Merkuriyge barıw hám Quyashqa qaraw imkanı bolǵanda, onıń teris baǵdarda háreket etiwim kóriw múmkin bolar edi. ***(3) Bul tábiyiy process ápsanalarda Joshuanıń Quyashtı toqtatqanı waqıyası menen túsindiriledi.***

Planeta evolyuciyasına Quyash úlken tásir kórsetti. Shama menen bir ásir aldın Merkuriy sırtınıń yarımı barqulla ıssı boladı degen gipoteza payda bolǵan edi, sebebi planetanıń bir tárepi barqulla quyashqa qarap turadı. Biraq

bul boljaw nadurıs edi. Merkuriy kúshsiz tartılısıw kúshine iye. Atmosferanıń siyrekligi planetanı meteoritler, samallar hám basqa tábiyat hádiyselerine qarsı qorǵanıwsız qaldıradı. Merkuriydiń kometaǵa usas quyrıǵı bar. Onıń usınlıǵı 2,5 million km. Merkuriy tegis aymaǵı sebepli jas dep qaraladı. Joqarı temperaturaǵa qaramay , planetada suw muzlarınıń úlken toplamı bar. Ol tereń kraterler hám polyusli noqatlardıń tómengi bóleginde jaylasqan. Muzlar heshqashan erimeydi, sebebi biyik diywallar olardı Quyash nurlarınan tosıp turadı. Aldınları Merkuriy Veneranıń joldası degen gipotezalar bar edi. **(4) Merkuriy jıl dawamında Quyash átirapında 4 márte hám óz oǵı átirapında 6 márte aylanadı.** Radiusı kishi ekenligine qaramay Merkuriydiń massası úlken planetalardan, máselen, Titan hám Ganimeden de artıq. Bul úlken yadroǵa iye ekenligi menen baylanıslı.

1.Tapsırma. San menen kórsetilgen qaysı gáp teksttiń mazmunlıq dúzilisinde stillik qátelikti payda etip tur?

**Juwap:**___________________________________________

2. Tapsırma. 2 sanı menen belgilengen gáp gáptiń dúzilisi boyınsha qaysı túrine mısal boladı?

**Juwap:**___________________________________________

_____________________________________________________

3. Tapsırma. 4 sanı menen belgilep kórsetilgen gápte "hám" sózi qanday sóz, qanday xızmet atqarıp tur?

**Juwap**_____________________________________________

_____________________________________________________

4. Tapsırma. Tekst mazmunınan kelip shıǵıp oǵan tema (atama) qoyıń.

   Juwap_____________________________________________

   ___________________________________________________

## IV variant

1. (B). Janapaylardıń qollanıw mánilerine qaray qanday túrleri bar?

   **Juwap:**_______________________________________________

   _______________________________________________________

   _______________________________________________________

2. (B). Gáptiń ekinshi dárejeli aǵzaları qaysılar ekenin jazıń.

   **Juwap:**_______________________________________________

3. (Q). Birde dáneker, birde tirkewish xızmetinde keletuǵın kómekshi sózge mısal keltiriń.

   **Juwap:**_______________________________________________

   _______________________________________________________

4. (B). Tekst degenimiz ne?

   **Juwap:**_______________________________________________

   _______________________________________________________

   _______________________________________________________

5. (Q). Seyilbek azan menen mallardı Shoqayqumdaǵı jaylawlarǵa aydadı. Gáp aǵzalarına sintaksislik tallaw jasap, izbe-iz jazıń.

   **Juwap:**_______________________________________________

   _______________________________________________________

6. (B). Shıǵarma jobası neshe túrli boladı, qanday ekenin jazıń.

   **Juwap:**_______________________________________________

   _______________________________________________________

7. (Q). Bizler, birgemiz, menen, hámme. Sózlerdi qurastırıp gáp qurań, bul gápte sózler qalay baylanısqan?

   **Juwap**:_______________________________________________

   _______________________________________________________

8. (Q). Ol **qáddi boyı kelisken**, **orta boylı**, qarıwlı jigit edi. Gáptegi ajıratıp kórsetilgen sózler sóz dizbegi bola aladı ma?

**Juwap:** ________________________________________________

9. (Q). Bayanlawıshı buyrıq meyildiń II bettegi túrine shı/shi janapayınıń jalǵanıwınan gáp qurań hám bul gáp gáptiń mazmunı boyınsha qaysı túrine kiretuǵınlıǵın jazıń.

   **Juwap:**__________________________________________________

   ____________________________________________________

10. (Q). Eki grammatikalıq tiykardan dúzilgen gápke mısal jazıń hám gáptiń dúzilisi boyınsha qaysı túri ekenligin jazıń.

   **Juwap:**__________________________________________________

   ____________________________________________________

11. (Q). Baǵınıńqı gáp bas gáp penen qatnaslıq sózli baylanısa kele , baǵınıńqı gáptiń bayanlawıshı -ıw/-iw formalı atawısh feyilge kerek sóziniń dizbeklesip keliwi arqalı bildirilgen qospa gápke mısal jazıń, qospa gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.

   **Juwap:**__________________________________________________

   ____________________________________________________

   ____________________________________________________

12. (Q). Sonlıqtan , bermey-aq, onsha, Sáhipjamaldıń, kútip, otırdı, keliwin, tańlana. Sózlerdiń orın tártibin durıs qoyıp gáp qurań, gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.

   **Juwap:**__________________________________________________

   ____________________________________________________

13. (B). Eki bas aǵzalı gápler qaysı aǵzalardıń qatnasınan dúziledi?

   **Juwap :** ________________________________________________

14. (Q). Tolıq emes gáp berilgen qatardı anıqlap juwapqa jazıń.

   1. Duman. Tastay qarańǵı. 2. Usı ay bir-birewge miriwbet ayı. 3. - Kim ayttı? – Apam. 4. Onıń hámme nárseden xabarı bar.

      **Juwap:** ______________________________________________

15. (Q). Birgelkili aǵzalardı qarsılas dáneker arqalı baylanıstırıp gáp qurap jazıń, birgelkili qaysı aǵza ekenligin jazıń.

**Juwap:**___________________________________________

___________________________________________

16.(Q). Uıwmalıq mánide kelgen ayqınlanıwshı aǵza daralap, túsindirip kelgende qanday irkilis belgi qollanıladı, mısal jazıń.

**Juwap:**___________________________________________

___________________________________________

___________________________________________

17. (P). Tekstti oqıp shıǵıp, tapsırmalardı orınlań.

– Áy, biradarlar! Óz zamanıńız ózińizge naqolay bolıp túyiletuǵının túsinesizler me?

– Onday sezimler ótkinshi sezimler. Ótmishtegi kóplegen adamlarǵa da óz zamanları naqolay túyilgen. Biraq bunnan heshbiriniń eńsesi túspegen.

– Nabada állebirewińiz ekinshilerińizde ayıplı bir nárselerdi sezgen bolsańız, eskertpesten abaylańız. Ózińdiki qasıńızdan-aq tabılıp júrmesin!

**– Óz sırımdı ashıp alarman dep ózgelerdiń kemshiliklerine kóz jumıp qarawǵa da ádetlenbeńiz. Búytseńiz dawısımdı búlbúl úyrenip qoyadı dep, shırıldawın toqtatqan shımshıqqa uqsap qalasız. (1)**

– Qanday is qılsańız da oylanıp almay, baslamańız, sebebi murnıń aspanǵa qarasa da jaman, tómen qarasa da jaman!

– Eger milliy xarakterdi úyrenbekshi bolsańız Volter Skottıń mınaw násiyatınan da ibrat alıńlar. "Jámiyettiń qaymaqları" arqalı milliy minez-qulıqtı anıqlawǵa bolmaydı".

– El táǵdiri dep ózińiz gúrespekshi bolsańız da, basqa da dostıńız gúrespekshi bolsa da, ádep tereń oylanıńız, tánha ózińiz ya ruwıńız mápin kózde tutıp atırǵanıńız joq pa?

– Óz ómirińizde sátsizlik júz berse bul sátsizlik azanǵı dumanǵa usay ma, ya keshki dumanǵa usay ma dep áwele ózińiz oylanıńız. **Azanǵı dumannıń tarqaytuǵınınan dámetiwge boladı, keshki duman qorqınıshlıraq. (2)**

– Barlıq iytlerge tán nárse, aldına súyek taslaǵan kisini esinde saqlaydı. Kereginde iytten de úyrenińiz!

– **Babalarımız "kiyimniń jańası jaqsı, dostıń gónesi jaqsı" dep biykarǵa násiyat qaldırmaǵan.** (3) Eski doslarıńızǵa sadıq bolıńız.

– Jalǵız ózińiz qansha kóp bilseńiz de, xalıqtan artıq bilmeysiz!

– **Dúnyadan 863-jılı qaytqan arab shayırı Aliy Ibn Al Jaxmnıń "Jaqsı kiside mal-dúnyanıń kemisligi namıslı bolıp sanalmaydı, lekin onıń adamlarǵa jaqsılıq qılıw ádeti kemeyse bul kúta namıslı is dep sanaladı" degen danalıǵın da umıtpańız**. (4)

– Aqılsızǵa aqıl úyretiw – tesik ıdısqa taǵam salıw menen barabar dep ózińizden aqılı kemislerdi jeke qaldırmańız. Tesigi pitelmeytuǵın zatlar oǵırı kóp.

– Pıshıqtı qansha sıypalasań, sonsha arqasın gúrjiytedi. Pıshıqqa usamańız.

– Bos qaptı tikeytip qoya almaǵanday, aqılsız adamdı jumsay almaysız.

– Bes barmaǵıńız tolıq birikpese, mush qıla almaysız.

1. Tapsırma. 1-sanı menen ajıratıp kórsetilgen qatarlardaǵı pikirlerge say naqıl-maqal sóz tawıp jazıń.
   Juwap:____________________________________________________________
2. 2-sanı menen ajıratıp kórsetilgen gáp qospa gáptiń qaysı túrine mısal bola aladı?
   Juwap:____________________________________________________________
3. 3-sanı menen ajıratıp kórsetilgen gáptegi tuwra gápti tawıp jazıń hám sintaksislik tallaw jasań.
   Juwap:____________________________________________________________
4. 4-sanı menen ajıratıp kórsetilgen qatarlarda keltirilgen pikirlerdi óz pikirińiz benen tolıqtırıp qayta jazıń.
   Juwap:____________________________________________________________

## V variant

1. (B). Ráwshan sharwalar menen ashıqtan-ashıq sóylesti. Gápte qanday kómekshi sóz qollanılǵan?
   **Juwap:** ______________________________________________

2. (B). Kókte quyash jarqırap tur. Gápten baslawıshtı tawıp jazıń.
   **Juwap:** _______________________________________________
3. (Q). Ayırıw -sheklew janapayına gáp qurap jazıń.
   **Juwap:**_______________________________________________
   _______________________________________________________
   _______________________________________________________

4. (B). Kórkem shıǵarmadaǵı tekst túrinde berilgen jeke bir adamnıń sózi ne dep ataladı?
   **Juwap:** _______________________________________________

5. (Q). Keńeytilgen anıqlawıshqa mısal jazıń.
   **Juwap:**_______________________________________________
   _______________________________________________________
   _______________________________________________________

6. (B). Shıǵarma jumısın jazǵanda birinshi basqıshta qanday jumıs iske asırıladı?
   **Juwap:**_______________________________________________
   _______________________________________________________

7. (Q). Tuwılǵan awılım-gózzallıqlarǵa, shadlıqlarǵa tolǵan mákan. Gápten basqarıw usılında baylanısqan sózler qaysılar kórsetiń.
   **Juwap:**
   ___________________________________________________

8. (Q). Uzın boylı qız, keń jawırınlı, awzın ashpadı, jaqsı oqıw, kózdiń ushında. Sóz dizbegi bola almaytuǵın juwaptı qayta kóshirip jazıń.
   **Juwap:** ____________________________________________

9. (Q). Soraw intonaciyası arqalı dúzilgen soraw gápke mısal jazıń.
   **Juwap:**_______________________________________________
   _______________________________________________________
   _______________________________________________________

10. (Q). Men keldim. Usı gápti keńeytilgen gápke aylandırıp jazıń.

**Juwap:**_____________________________________________________

__________________________________________________________

11. (Q). 1. Aydan menen traktorshı awqatlanıp boldı.
    2. Nurjan keldi. Berilgen gáplerdi kelbetlik geyildiń -ǵan qosımtalı túrine orın seplik qosımtası qosılıwı arqalı kelgen bayanlawısh forması arqalı baylanıstırıp qospa gáp qurań hám qaysı gáp túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**__________________________________________________________

____________________________________________________________

12.(Q). Bayanlawıshı I-bettegi anıqlıq meyil arqalı kelgen bir bas aǵzalı gápke mısal jazıń hám bul gáp feyil bir bas aǵzalı gáptiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın jazıń.

**Juwap:**_____________________________________________________

__________________________________________________________

13.(B). Dizbekli qospa gáplerdiń túrlerin jazıń.

**Juwap:**

__________________________________________________________

__________________________________________________________

14.(Q). Biykarlawshı sóz gáplerge mısal jazıń.

**Juwap:**

__________________________________________________________

__________________________________________________________

15. (Q). Birgelkili tolıqlawıshqa mısal jazıń.

**Juwap:**

__________________________________________________________

__________________________________________________________

16.(Q). Bizıń oljamız-awqat penen kiyim mut. Ayqınlawısh aǵzanı tawıp jazıń, qaysı aǵzanı ayqınlap kelgen.

**Juwap:**

__________________________________________________________

__________________________________________________________

17. (P). Tekstti oqıp shıǵıp, tapsırmalardı orınlań.

Aylawǵa at jiberiletuǵın bándirgige minber ornatılǵan edi. Aydos atın Dospanǵa uslatıp, eldiń ruw basshıları, qońsılas xalıqlardan shaqırılǵan miymanlar menen birge minberge kóterildi.

**Jarshılar áwele on bes aylawǵa at jiberiletuǵının, hár aylaw úsh shaqırım ekenligin xabarladı. (1)**

Túrkmenler qosqan jup attıń "Ayqasqa" qarası há degennen dıqqat awdardı. Iri hám omırawlı eken. Shabarman bala bárhá júwenin tartıp baratır. Onnan sońǵısı Qabıldıń "Boz yawmıtısı". Qádem taslawlarına qarap "Boz yawmıtı" ozadı desti

birazlar. Qazaqlar qosqan “Ala bel” hámmesinen mıqlı kórindi. **“Ele Ala bel aladı” desti jáne birewler.(2)**

Tórt... Bes... Altı... Atlardıń kóbisi mamırlawǵa qaradı.

– Háy, qaptaldan at qospa, esap emes, esap bolmaydı! – dep qarlıqqan dawıslardı tıńlar qulaq joq. Qur birin-biri ısırıp, tolqınday barıp-kelip tur. Atlar báygi sızıǵına jaqınladı... Ótti...

Alıstaǵı tamashagóyler qaysı at ozǵanın bilmey qıyqıwlastı.

– Ha, jarshılar, jarshılar! – dep baqırdı Aydos, – Shabıńlar, daǵazalańlar, túrkmenniń Ayqasqası birinshi. Bas bayraqqa qazaq áǵayinler ákelgen qos nardıń birewi, shabarmanǵa bir mádeli belbew...

Minberde ǵawasat kóterildi.

– Bas bayraq “Boz yawmıtı”niki edi.

– Aydos kisiniń ayaǵınan shalǵanın qoymaydı, – dep tońqıldadı Qabıl, – On úsh aylawda mudamı bas bayraq alıp júrgenimdi bile tura, búgin jorta on bes aylaw qıldı.

– Báygige at tayarlaǵan seyis kútilmegen alamatqa da tayar júriwi kerek, – dedi de Aydos shabarmanǵa burılıp, náwbettegi aylawdıń tártibin daǵazalawdı buyırdı.

Oyın kún batqansha dawam etti...

**Jas úlkenler turǵan minberge ılaq taslaw múmkinshiligi tuwmadı, biraq oyındı toqtatıw kerek boldı.**(3) Kim birinshi?... Bir gezde alamannıń eki jaǵınan aynalıp eki jarshı shaptı...

1. Tapsırma . Tesktti oqıp mazmunına sáykes tema tańlap jazıń.

   **Juwap:**

   ___________________________________________________________

   ___________________________________________________________

2. Tapsırma . 1 sanı menen ajıratıp kórsetilgen gápte qanday birgelkili aǵza ushırasadı.

   **Juwap:**

   ___________________________________________________________

   ___________________________________________________________

3. Tapsırma.  2 sanı menen ajıratıp kórsetilgen gápte tırnaqsha ne sebep qollanılǵan.

   **Juwap**:

   ___________________________________________________________

   _________________________________________________________

4. Tapsırma.  3 sanı menen ajıratıp kórsetilgen gáp qospa gáptiń qaysı túrine kiredi.

   Juwap:

   ___________________________________________________________

   ___________________________________________________________

## VI variant

1. (B). Tirkewishlerdiń túrlerin jazıń.
   **Juwap:**
   ____________________________________________________________
   ____________________________________________________________
2. (B). Awıspalı feyilge qatnaslı tabıs sepligi arqalı bildiriletuǵın tolıqlawıshtıń túrin jazıń.
   **Juwap:**
   ____________________________________________________________
   ____________________________________________________________
3. (Q). Qıyqańlıǵına qaramastan, ol inisin júdá jaqsı kóredi. Gápte qanday kómekshi sóz qollanǵanlıǵın jazıń.
   Juwap:
   ____________________________________________________________
   ____________________________________________________________
4. (B). Kórkem shıǵarmalarda tekst qanday formalarda bolatuǵınlıǵın jazıń.
   **Juwap:**____________________________________________________
   ____________________________________________________________
5. (Q). Men dúrmiyin ... usılay sóylesemen. Kóp noqat ornına tiyisli kómekshi sóz qoyıp jazıń hám gáp aǵzalarına tallaw jasań.
   **Juwap:**____________________________________________________
   ____________________________________________________________
   ____________________________________________________________
6. (B). Shıǵarma jumısı mazmunı boyınsha neshe túrge bólinedi?
   **Juwap:**
   ____________________________________________________________
7. (Q). Ol barlıq jumıslar... Atajan... tapsır... Gápti baylanıstırıwshı qurallar járdeminde qayta jazıń hám qanday baylanıstırıwshı qurallar járdeminde baylanısqanın jazıń.
   **Juwap:**
   ____________________________________________________________
   ____________________________________________________________
8. (Q). Jıynalǵan adamlar kóp waqıtqa deyin tarqamadı. Basqarıw usılında baylanısqan sóz dizbegin jazıń.
   Juwap:
   ____________________________________________________________
   ____________________________________________________________
9. (Q). She soraw janapayı arqalı soraw gáp qurap jazıń.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

10.(Q). Biykarlawshı sóz gápke mısal keltiriń.
**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

11.(Q). 1. Qońıraw qaǵıldı. 2. Oqıwshılar klasqa kirdi. Joqarıdaǵı gápti dizbekli qospa gáp túrine aylandırıp jazıń. Qospa gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.
Juwap:

______________________________________________________________

______________________________________________________________

12.(Q). Iyesi ulıwmalasqan gápke mısal jazıń.
**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

13.(B). Házir awıllarda báhárgi egis jumıslarına qızǵın jumıslar alıp barılmaqta. Gáptiń mazmunı boyınsha qaysı túri.
**Juwap:**

______________________________________________________________

14.(Q). Tańlaq sóz gápke mısal jazıń.
**Juwap:**______________________________________________________

______________________________________________________________

_

15.(Q). Anıqlawısh xızmetinde kelgen birgelikli aǵzalarǵa mısal jazıń.
**Juwap:**______________________________________________________

______________________________________________________________

16.(Q). Bizler, balalar, bul kisiniń izinen júrgendi jaqsı kóretuǵın edik. Ayırımlanǵan aǵzanı tawıp jazıń, ayırımlanǵan qaysı aǵza ekenligin jazıń.
**Juwap:**______________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

17. (P).Tekstti oqıp shıǵıp, tapsırmalarǵa juwap jazıń.

Qosıbay Ashamaylı ruwınıń "Saqıw" tiyresinen. Maldan eki sıyırı menen baspaq tanaların qosqanda bes-altı qarası, jılqıdan bir ǵunan menen qulınlı biyesi, kúsh maldan qos ógizi bar, orta dármiyan xojalıq. Usı ortasha haldan da ayaqqa shıǵıp ketemen be degen gúdikte júrgen Qosıbay bıltır onlaǵan shańıraq "saqıwlar"ǵa bas bolıp ol da "Boz ataw"ǵa shıqtı.

Gúdik gumanınıń mánisi Qosıbayǵa ata dáwleti qayır bermedi. **(1) Atası óler aldında úlken balası Tórebay menen kishi balası Qosıbayǵa maldan, jılqıdan, úy dáskeden teń enshi berse de, bunıń qorası ortalansa ortalandı da, tuyaqqa tuyaq qosılmadı.**

Egizin segiz qılıp asha tuyaq ósiriwde jastan sharwaǵa beyim bolmadı. Eńbekke shorqat ósken bay balası jorǵanıń belinde qayqayıp júrgende qora tolı maldıń bir kúni orta túskenin ǵana bilip qaldı. Atasınıń óler aldı násiyatı esine túsip, endi kem-kemtigin jıynaǵan menen joqtıń ornı tolmadı.

Jasta mektep mollasınan yad etken az ǵana kitapların aldına jayıp, saqqa júginip te kórdi. Molla kóplikten be, ya "árwaǵı" pás pe Qosıbaydıń bul hiylesi de mal quramadı. Aqırında qos ógizdi baqqıǵa qoyıp, diyxanshılıqqa aylanıstı.

Usı ortasha haldan da ayırılıp, bay esigine giriptar bolaman ba dep toqsan túrli tolǵanıp otır edi...

Kúnniń ırayına jalt jult qarap, qıwiplengen Qosıbaydıń esine balası túsip, úyde otırǵan hayalına:

-Hay, qatın! Ana Ájiniyazıń keldi me?- dep súrenledi.

**(2)Nurjamaldıń qulaǵı erbeń etip, piltesin taslay sala túriwli esikten kúnge qarap edi, balasınıń mektepten keler mezgili ótip baratır eken.** Hayal ne juwap qaytararın bilmey sasıp qaldı.

-Áji…ni..yaz… **Óyppey mańlayım ay! (3)**– Nurjamal jambasına urıp, teris qarap, iyegin tisledi.

-Áwliyedey qaynaǵanıń atın aytıp salıppan ǵoy, ańqaw basıım!.. Kisini albıratıp óltirerseń -aw, - dep "sennen boldı" degendey daladaǵı kúyewine bopsa etti.

1. Tapsırma. 1-sanı menen ajıratıp kórsetilgen gápte ushırasqan turaqlı sóz dizbegin tawıp jazıń hám hám bir sóz benen mánisin jazıń.

**Juwap:**______________________________________________

________________________________________________________

2.tapsırma. Usı ajıratıp kórsetilgen gáp qospa gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**_____________________________________________
_____________________________________________________
____________________________________________________

3. .Tapsırma. 2-sanı menen ajıralıp kórsetilgen gáp dúzilisi jağınan qanday gáp.
   **Juwap :** ________________________________________

4. .Tapsırma. 3-sanı menen ajıratıp kórsetilgen gáp sóz gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.
   **Juwap :** ______________________________________

## VII variant

1. (B). Bağındırıwshı dánekerlerdiń túrin jazıń.
   **Juwap :**

   ______________________________________________________

   ______________________________________________________

2. (B). Iyelik sepliktegi sóz arqalı bildiriletuğın anıqlawıshqa qanday anıqlawısh dep ataladı?
   **Juwap :**

   ______________________________________________________

3. (Q). Ol ... qızarıp, ... bozarıp óz pikirlerin dálillegisi keldi. Kóp noqat ornına tiyisli kómekshi sóz qoyıp kóshirip jazıń.
   **Juwap :**

   ______________________________________________________

   ______________________________________________________

4. (B). Tekst bir abzactan, yaki birneshe abzaclar jıyıntığınan turadı. Bul qağıyda durıs yaki nadurıs ekenligin jazıń.
   **Juwap:**

   ______________________________________________________

5. (Q). **Jıynalğanlardıń** kewlin alıw ushın hárbirine kewilli juwap qaytarıwğa háreket etedi. Astı sızılğan sóz qaysı gáp ağzası ekenligin jazıń.
   **Juwap:**

   ______________________________________________________

6. (B). Shığarma jumısın jazğanda shığarmanıń qaralama nusqasın tayarlaw qaysı basqıshta iske asırıladı?
   **Juwap:**

   ______________________________________________________

7. (Q). Tuwılğan awılım-gózzallıqlarğa**, shadlıqlarğa tolğan mákan**. Gápten ajıratıp kórsetilgen sóz dizbegi qanday usılda baylanısqanın jazıń .
   **Juwap:**

______________________________________________________

8. (Q). Uzın boylı qız, keń jawırınlı, awzın ashpadı, jaqsı oqıw, kózdiń ushında. Sóz dizbegi bola alatuǵın juwaptı qayta kóshirip jazıń.
**Juwap:**

______________________________________________

9. (Q). Soraw intonaciyası arqalı dúzilgen soraw gápke mısal jazıń.
**Juwap:**

______________________________________________

______________________________________________

10. (Q). Sabaq baslandı. Usı gápti keńeytilgen gápke aylandırıp jazıń.
**Juwap:**

______________________________________________

______________________________________________

11.(Q). 1. Atirap jaqtılandı.
2. Quyash nurların tóge basladı. Berilgen gáplerdi hal feyil qosımtası qosılıwı arqalı kelgen bayanlawısh forması arqalı baylanıstırıp qospa gáp qurań hám qaysı gáp túri ekenligin jazıń.
**Juwap:**

______________________________________________

______________________________________________

12. (Q). Bayanlawıshı I-bettegi anıqlıq meyil arqalı kelgen bir bas aǵzalı gápke mısal jazıń hám bul gáp feyil bir bas aǵzalı gáptiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın jazıń.
**Juwap:**

______________________________________________

______________________________________________

13.(B). Dizbekli qospa gáplerdiń túrlerin jazıń.
**Juwap:**

______________________________________________

______________________________________________

14.(Q). Biykarlawshı sóz gáplerge mısal jazıń.
**Juwap:**

______________________________________________

______________________________________________

15.(Q). Birgelkili tolıqlawıshqa mısal jazıń.

**Juwap:**

---

---

16.(Q). Bunı Xiywa átirapında tek eki adam – xan hám hákim biletuǵın edi. Ayqınlawısh aǵzanı tawıp jazıń, qaysı aǵzanı ayqınlap kelgen.

**Juwap:**

---

---

17.(P). Tekstti oqıp shıǵıp, tapsırmalardı orınlań.

Qatar-qatar dizilgen kitap polkalarınıń qasınan biyparq ótip kete almaytuǵınlardı kitapqumar deytuǵınlar hárdayım haq bolıp shıqpaydı. Nege deseń, insan ruwxıyatında kóplegen qızıqlı halatlar ushırasıp turadı. Birden kóplegen kitaplardı satıp alıp soń olardıń birde birewin oqımaytuǵınlar da bar bolıp, ilimiy tilde olardı sundoku keselligine shalınǵanlar dep ataw dástúrge aylanǵan. Sundoku-yapon tilinen alınǵan sóz bolıp kitaplardıń tek sırtqı betine, iyisine hám betlerindegi súwretlerge qızıǵıw mánisin bildiredi. Birden kóp kitap satıp alıp, olardı oqıp tewispegenshe qoymaytuǵınlarǵa inglisshe “book-worm” “kitap qurtı” ataması qollanıladı. Al, házir bizlerdiń sáwbetimiz sundoku haqqında.

**(1)Dáslep kitap oqıwdıń pikir hám bilim deregi ekenligin tereń túsinip alıwıńız kerek.** Tiykarında, tek waqıt ótkiziw yaki ótkinshi háwesler ushın mánissiz detektiv hám unamsız triller oqıwdan jamanı joq. Sol sebepten birinshi náwbette kitap tańlawdı úyreniw maqsetke muwapıq. Bul mazmunı hám mánisi jaǵınan kúshli bolǵan romanlar, yamasa óz biznesińizdi baslawda sizdi ruwxlandırıwshı kúshke iye ekonomikalıq ádebiyatlar bolıwı da múmkin.

**(2)Bill Geyts óziniń “Nyu-Yurk Tayms” gazetasında bergen intervyuda bılay deydi:** “Men búgin ajayıp jerlerge barıwım, ajayıp insanlardıń mánili sáwbetlerinen qálegenimshe tıńlawım, kúnlik is-rejem tiykarında óz ústimde tınımsız islewim múmkin, biraq elege shekem kitap oqıyman. Kitap oqıp atırıp nege men bulardı bilmeymen, degen soraw menen sáwbet waqtında ne ushın bulardı aldın oylap kórmegenmen degen soraw arasında aspan menen jerdey parq bar. Kitap-bul kitap, sáwbet-bul sáwbet. Zawıqlanıw júda názik másele bolıp esaplanadı.”

Keyin Varren Baffetten bakalavr diplomın jaqlaw aldında turǵan student jetiskenlikleriniń sırı nede ekenligin soraǵanda ol bılay dep juwap bergen: “Bes júz bet oqıń...Hár kúni. Bilim tek usı jol menen ǵana sistemalı túrde ósip otıradı. **(3)Bunı hámme isley aladı, biraq júdá az adam bunı islewge ózinde kúsh, ya bolmasa umtılıs tabadı**. Ózińiz bilesiz, tek kúshliler ǵana jeńiske erisedi.”

Bes júz betti umıtayıq. Xosh, siz kúnine eliw bet oqıwǵa ózińizdi májbúrley alasız ba? Bunıń ushın sizden ádebiyat yaki jurnalistika tarawınıń wákili bolıw talap etilmeydi.

1. Tapsırma. Tekst mazmunınan kelip shıǵıp tema tańlap qoyıń.
   **Juwap:**
   ______________________________________________________________
   ______________________________________________________________

2. Tapsırma. 1-sanı menen ajıratıp kórsetilgen gáp gáp birbas aǵzalı gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.
   **Juwap**:
   ______________________________________________________________

3. Tapsırma. 2-sanı menen ajıratıp kórsetilgen avtor gápindegi almasıq sóz qaysı gáp aǵzası xızmetinde kelgenin jazıń.
   **Juwap:**
   ______________________________________________________________

4. Tapsırma. 3-sanı menen ajıratıp kórsetilgen gáp qospa gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.
   **Juwap:**
   ______________________________________________________________

## VIII variant

1. (B). Aw, ay, shı, shi, ós, sesh, mıs, mısh sózleri qaysı kómekshi sóz túrine mısal bola aladı?

   **Juwap** : ______________________________________________________

2. (B). Gáptiń bas aǵzaları qaysılar ekenin jazıń.

   **Juwap :** ______________________________________________________

3. (Q). Birde dáneker, birde janapay xızmetinde keletuǵın kómekshi sózge mısal keltiriń.

   **Juwap:**

   ______________________________________________________________

   ______________________________________________________________

4. (B). Tekst degenimiz ne?

   **Juwap**:

   ______________________________________________________________

   ______________________________________________________________

5. (Q). Seyilbek azan menen mallardı Shoqayqumdaǵı jaylawlarǵa aydadı. Kómekshi sóz benen kelgen sóz gáptiń qaysı aǵzası ekenligin jazıń.

   **Juwap :** _____________________________________________________

6. (B). Shıǵarma jobası neshe túrli boladı, qanday ekenin jazıń.

   Juwap:

   ______________________________________________________________

7. (Q). Keldi, mektepke, olar. Sózlerdi qurastırıp gáp qurań, bul gápte sózler qalay baylanısqan?

   **Juwap:**

   ______________________________________________________________

   ______________________________________________________________

8. (Q). Ol qáddi boyı kelisken, orta boylı, **qarıwlı jigit** edi. Gáptegi ajıratıp kórsetilgen sózler sóz dizbegi bola aladı ma?

**Juwap:**

______________________________________________________

9. (Q). Bayanlawıshı buyrıq meyildiń II bettegi túrine shı/shi janapayınıń jalǵanıwınan gáp qurań hám bul gáp gáptiń mazmunı boyınsha qaysı túrine kiretuǵınlıǵın jazıń.

**Juwap:**

____________________________________________________________

____________________________________________________________

10. (Q). Eki grammatikalıq tiykardan dúzilgen gápke mısal jazıń hám gáptiń dúzilisi boyınsha qaysı túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**

____________________________________________________________

____________________________________________________________

11. (Q). Baǵınıńqı gáp bas gáp penen qatnaslıq sózli baylanısa kele , baǵınıńqı gáptiń bayanlawıshı -ıw/-iw formalı atawısh feyilge kerek sóziniń dizbeklesip keliwi arqalı bildirilgen qospa gápke mısal jazıń, qospa gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**

____________________________________________________________

____________________________________________________________

12. (Q). Sonlıqtan , bermey-aq, onsha, Sáhipjamaldıń, kútip, otırdı, keliwin, tańlana. Sózlerdiń orın tártibin durıs qoyıp gáp qurań, gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**

____________________________________________________________

____________________________________________________________

13.(B). Eki bas aǵzalı gápler qaysı aǵzalardıń qatnasınan dúziledi?

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

14. (Q). Tolıq emes gáp berilgen qatardı anıqlap juwapqa jazıń.

5. Duman. Tastay qarańǵı. 2. Usı ay bir-birewge miriwbet ayı. 3. -Kim ayttı? – Apam. 4. Onıń hámme nárseden xabarı bar.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

15. (Q). Birgelkili aǵzalardı qarsılas dáneker arqalı baylanıstırıp gáp qurap jazıń, birgelkili qaysı aǵza ekenligin jazıń.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

16.(Q). Uıwmalıq mánide kelgen ayqınlanıwshı aǵza daralap, túsindirip kelgende qanday irkilis belgi qollanıladı, mısal jazıń.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

17.(P). Tekstti oqıp shıǵıp tapsırmalardı orınlań.

Jáhán til bilimindegi tillik birliklerdi insan faktorına baylanıslı úyreniwge baǵdarlanǵan ilimiy izertlewlerdiń sanı artıp barmaqta. Atap aytqanda, házirgi til biliminde bolmısta bolıp atırǵan waqıyalardı lingvistikalıq kóz-qarastan qaraw kommunikativlikti iske asırıwdıń negizgi qurallarınıń biri bolıp tabılatuǵın "sıpayılıq", "húrmet" semantikalıq maydanınıń lingvopragmatikalıq ayırmashılıqların izertew júdá áhmiyetli. Sebebi, insan iskerligin sóylewsiz kóz aldımızǵa keltirip bolmaydı. **Sóylew aktiniń qarama-qarsılıqsız dawam etiwi ushın sıpayılıq til birlikleri talap etiledi.(1)** Múláyim qarım-qatnas bárhama aktual bolıp kelmekte.

... Til adamlar arasındaǵı qarım-qatnas bolıwı menen birge, milliy qádiriyatlar, milliy rawajlanıw dárejesine tiyisli kóz-qaraslardı, til iyesiniń sezimin, onıń shınlıqqa, basqa adamlarǵa, jámiyetke qatnasın kórsetedi. **Insannıń**

**rawajlanıwında qarım-qatnas qanshelli zárúr bolsa, sonshelli morallıq qarım-qatnaslardı, emociyalardı, kewil-keypiyatın bildiriw de kútá áhmiyetli. (2)**

Sıpayılıq mental múnásibetlerge tiyisli túsiniklerden biri bolıp, insan ruwxıyatı menen baylanıslı. Sıpayı, shiyrin sózli bolıw eń joqarǵı pazıyletlerden biri, insan qálbin nurlandıratuǵın, júzinde kúlki hám quwanısh payda qılatuǵın eń jaqsı sıpat esaplanadı. Sol ushın da xalqımızda "Biyday nanıń bolmasa da, biyday sóziń joq pa edi", "Jıllı-jıllı sóylese
ń, jılan inine kiredi" sıyaqlı naqıllar btykarǵa aytılmaǵan. Adamlar arasında sıpayı qatnas hámiyshe zárúr.

**Sıpayılıq – bul insannıń mádeniyatlılıq dárejesin belgilep beretuǵın usıllardan biri.(3)** Demek, sıpayılıq mánileriniń bildiriliwin úyreniw tiykarǵı wazıypa sanaladı. Sebebi, jámiyet wákilleriniń til quralların qollanıwdaǵı ózgeshelikleri, mádeniy-sociallıq usılları ózine tánlikke iye bolıp, bul nárseler qarım-qatnastı durıs shólkemlestiriw hám qarım-qatnas procesinen gózlengen maqsetke erisiwde úlken áhmiyetke iye.

1. Tapsırma . Tekst mazmunına sáykes tema tańlap jazıń.
   **Juwap:**
   ______________________________________________
   ______________________________________________

2. Tapsırma. 1-sanı menen kórsetilgen mısalda qollanılǵan kómekshi sózdi jazıń hám ol kómekshi sózdiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın jazıń.
   **Juwap:**
   ______________________________________________
   ______________________________________________

3. Tapsırma. 2-sanı menen ajıratıp kórsetilgen gáp dúzilisi boyınsha qanday gáp, qalay baylanısqanın jazıń.
   **Juwap:**
   ______________________________________________
   ______________________________________________

4. 3-sanı menen ajıratıp kórsetilgen sózdegi baslawıshtı jazıń.
   **Juwap**:
   ______________________________________________
   ______________________________________________

## IX variant

1. (B). Keyin, soń, basqa, janında, qasında sózleri tirkewishtıń qaysı túri ekenligin jazıń.

   **Juwap:**

   ______________________________________________________

2. (B). Gáp aǵzaları gáp dúziwdegi xızmetine qaray qalay bólinetuǵınlıǵın jazıń.

   **Juwap:**

   ______________________________________________________

3. (Q). Arqa betten jaǵımlı samal esip tur. Gápten kómekshi sózdi tawıń hám qaysı túri ekenin jazıń.

   **Juwap:**

   ______________________________________________________

4. (B). Tekst ataması qaysı tilden alınǵan hám ne degendi ańlatadı?

   **Juwap:**

   ______________________________________________________

5. (Q). Ayzada xabardı jetkiziwge asıqtı. Qanday gáp aǵzalarınan turatuǵın gáp ekenligin izbe-izlikte jazıń.

   **Juwap:**

   ______________________________________________________

6. (B). Dialogtaǵı hárbir adamnıń soraw-juwap túrindegi gápi ne dep ataladı?

   **Juwap :**

   ______________________________________________________

7. (Q). Ol oqıtıwshısı ... sálemlesip, oqıw xanası... kirdi. Gápti tiyisli baylanıstırıwshı qurallar qoyıp qayta kóshirip jazıń, qanday baylanıstırıwshı qurallar menen baylanıstırǵanıńızdı da jazıń.

**Juwap**:

_______________________________________________________________

______________________________________________________________

8. (Q). Uzın boylı, qızıl shalǵıshlı, kózdi ashıp jumǵansha, úlken jay, qızıǵıp qaraw, kóz ushında, alıp barıw. Mısallar arasınan sóz dizbegi bola almaytuǵın sózlerdi ajıratıp jazıń.

**Juwap:**

_____________________________________________________________

_____________________________________________________________

9. (Q). Bayanlawıshı buyrıq meyildiń II hám III bettegi túrleri arqalı jasalǵan gápke mısal keltiriń hám gáptiń mazmunı boyınsha qanday gáp ekenligin jazıń.

**Juwap:**

________________________________________________________________

________________________________________________________________

10. (Q). Mánisi jaǵınan orın mánisin atap bildirip kelgen bir bas aǵzalı gápke mısal jazıń hám bir bas aǵzalı gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**

________________________________________________________________

________________________________________________________________

11. (Q). Dánekersiz, intonaciya arqalı baylanısqan qospa gápke mısal jazıń hám qospa gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**

________________________________________________________________

________________________________________________________________

12. (Q). Bayanlawıshı anıqlıq meyildiń 3-bet ótken máhálindegi feyilden bolǵan feyil bir bas aǵzalı gápke mısal jazıp hám feyil bir bas aǵzalı gáptiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın jazıń.

**Juwap:**

___________________________________________________________

___________________________________________________________

13. (B). Baǵınıńqılı qospa gáptiń túrlerin jazıń.

**Juwap:**

___________________________________________________________

___________________________________________________________

14. (Q). Ya quday! Seyilbek quwanǵanınan baqırıp jiberdi. Mısaldan sóz gápti tawıp jazıń, qaysı túri ekenligin jazıń.

**Juwap:**

___________________________________________________________

15. (Q). Gezekles dáneker arqalı baylanısqan birgelkili aǵzaǵa mısal jazıń, hám birgelkili qaysı aǵza ekenligin jazıń.

**Juwap:**

___________________________________________________________

___________________________________________________________

16. (Q). Bala shaǵam Taxtakópir bette- Bórshi tawınıń etеginde jasaydı. Ayırımlanǵan ayqınlawıshtı tawıp hám qaysı aǵzanı ayqınlap kelgenin jazıń.

**Juwap:**____________________________________________________

___________________________________________________________

___________________________________________________________

17.(P). Tekstti oqıp shıǵıp tapsırmalardı orınlań.

Sol bir jılları bir awılda eki tuwısqan aǵalı-ini jasap ótipti. Ata-anası dúnyadan ótken bolsa da diyqanshılıq jerlerin bólmey birge isley beripti. Bir-birine miyirman bolıp, qońsı jasap, birge miynet etip, úlken qırman úyipti.

Egin dánlerin qaltalap, bólisiw waqtında qızıq waqıya júz beripti.

**(1)Birinshi aǵası "inim sen ele jas xojalıqsań balalarıń kishkene, úyińniń de bir qaptalı pitpegen, maǵan hesh gáp, balalarım qolǵa ilinip**

**kiyatır, sonıń ushın qırmandı teń bólsek uyat boladı. Siz kóbirek alıwıńız kerek",- depti**.

Tıńlap turǵan inisi sóz baslaptı; "Aǵa, men hesh gáp, balalarım kishkene, siziń balalarıńız úlkeyip ketti. Qarım-qatnas, shaqırıǵıńız da kóp, sol ushın siz kóbirek alıwıńız kerek",- depti.

Solay etip aǵalı-inili qırmandı bólise almay kóp turıptı. Sońında teń bóliwge kelisipti.

**(2)Úylerine tasıp alǵannan soń, aǵası oylanıp jata almaptı.** «Meniki uyat boldı-aw, inime kóbirek beriwim kerek edi. Ádilsizlik ettim» dep jata almay túnde turıp, inisine bildirmey óziniń payınan kúnde qalta menen inisiniń jer tólesine tasıy beripti.

Aradan on kún ótipti. Qarasa bunıń biydayı azaymaydı, sol turısına tura beredi qayta kóbeyip baslaydı.

**Erteńine aparatuǵın waqtınan ótińkirep uyqıdan turıp bir qalta biydaydı arqalap inisiniń úyine baratırsa, qarańǵıda aldınan arqasına qalta arqalaǵan birew kórinedi. (3)**

Qarası inisi eken.

Ol da on kúnnen beri aǵasın uwayımlap «olar kópshilik, shım-shırqaday bala-shaǵası bar» dep kúnde óziniń payınan aǵasınıń úyine tasıp atır eken.

Bul aǵalı-iniler bir ómir awızbirshilikli hám qurǵın jasap ótipti.

1. Tapsırma. Tekst mazmunı sáykes keletuǵın bir naqıl-maqal jazıń.
   **Juwap :**
   ______________________________________________
   ______________________________________________

2. Tapsırma. 1-sanı menen ajıratıp kórsetilgen abzacta tırnaqshanıń qoyılıw sebebin jazıń.
   **Juwap :**
   ______________________________________________
   ______________________________________________

3. 2-sanı menen ajıratıp kórsetilgen gáp dúzilisi boyınsha gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.
   **Juwap :**
   ______________________________________________
   ______________________________________________

4. 3-sanı menen ajıratıp kórsetilgen gáp qospa gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.
   **Juwap :**
   ______________________________________________
   ______________________________________________

## X variant

1. (B). Sonlıqtan, sonıń nátiyjesinde, sol sebepli sózleri kómekshi sózdiń qaysı túri ekenligin jazıń.
   **Juwap:**
   ____________________________________________
2. (B). Shıǵıs, orın seplik jalǵawları arqalı bildiriletuǵın tolıqlawıshtıń túrin jazıń.
   **Juwap:**
   ____________________________________________
   ____________________________________________
3. (Q). Eger jaqsı oqısań, joqarı nátiyjelerdi qolǵa kiriteseń. Gápte qanday kómekshi sóz qollanǵanlıǵın jazıń.
   **Juwap :**
   ____________________________________________
   ____________________________________________
4. (B). Kórkem shıǵarmalarda tekst qanday formalarda bolatuǵınlıǵın jazıń.
   **Juwap :**
   ____________________________________________
   ____________________________________________
5. (Q). Men dúrmiyin menen usılay sóylesemen. Gáp aǵzalarına tallaw jasań.
   **Juwap:**
   ____________________________________________
   ____________________________________________
6. (B). Shıǵarma jumısı mazmunı boyınsha neshe túrge bólinedi?
   **Juwap:**
   ____________________________________________
7. (Q). Ol barlıq jumıslar... Atajan... tapsır... Gápti baylanıstırıwshı qurallar járdeminde qayta jazıń hám qanday baylanıstırıwshı qurallar járdeminde baylanısqanın jazıń.
   **Juwap:**
   ____________________________________________
   ____________________________________________
8. (Q). Jıynalǵan adamlar kóp waqıtqa deyin tarqamadı. Basqarıw usılında baylanısqan sóz dizbegin jazıń.

**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

9. (Q). Ma/me soraw janapayı arqalı soraw gáp qurap jazıń.
**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

10. (Q). Biykarlawshı sóz gápke mısal keltiriń.
**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

11. (Q). 1. Birden awıl iytleri shuwlasıp úrdi. 2. At kisnedi. Joqarıdağı gápti dizbekli qospa gáp túrine aylandırıp jazıń. Qospa gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.
**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

12. (Q). Iyesi ulıwmalasqan gápke mısal jazıń.
**Juwap:**

______________________________________________________________

______________________________________________________________

13. (B). Otır, Tolǵanay! Túrgelip tura berme. Gáptiń mazmunı boyınsha qaysı túri.
**Juwap:**______________________________________________________

______________________________________________________________

14. (Q). Tańlaq sóz gápke mısal jazıń.
**Juwap:**______________________________________________________

______________________________________________________________

15. (Q). Pısıqlawısh xızmetinde kelgen birgelikli aǵzalarǵa mısal jazıń.
**Juwap:**______________________________________________________

______________________________________________________________

16. (Q). Bizler, balalar, bul kisiniń izinen júrgendi jaqsı kóretuǵın edik. Ayırımlanǵan aǵzanı tawıp jazıń, ayırımlanǵan qaysı aǵza ekenligin jazıń.

**Juwap:**______________________________________________

________________________________________________________

17.(P). Teskstti oqıp shıǵıń hám tapsırmalardı orınlań.

Balam tórtinshi klassta oqıytuǵın edi. Kúnlerdiń birinde qálemin joytıp keldi. Men:

– Balam, qálemiń joytılǵan bolsa, sabaqta ne menen sızdıń? – dep soradım

**– Klaslas joramnan alıp turdım, – dedi.(1)**

– Jaqsı bolıptı, klaslasıń saǵan qálemin berip turǵanı ushın sennen bir nárse soradı ma? Mısalı: jeytuǵın, ishetuǵın nárse yaki pul? – dedim.

– Yaq, hesh nárse soramadı, – dedi.

– Balam, demek ol sawapqa erisipti. Ol sennen kóre ziyregirek eken. Nege sen de sonday sawaplarǵa erispeyseń? Saǵan bir emes eki qálem alıp beremen. Birewin óziń isleteseń. Ekinshisin «Sawaplar qálemi» dep ataymız. **Onı sen qálemin úyinde qaldırǵan yaki joytıp qoyǵanlarǵa bereseń. (2**) Sabaqtıń aqırında qaytarıp alasań, – dedim. Balam qattı quwandı. Bul isti ámelde islegennen keyin quwanıshı jáne de arttı. Nátiyjede ol sumkasında mudamı altı qálem alıp júretuǵın boldı.

Balam mektepti onsha xosh kórmes edi. Oqıwı da pás edi. Bul isten keyin ol mektepke qaray asıǵatuǵın boldı hám ayrıqsha bahalarǵa oqıy basladı. Muǵallimleri de onı bunday isi ushın maqtap, oqıwshılar bul isi ushın húrmet kórsetetuǵın edi. **Kimniń qálemi bolmasa, onnan alıp turıw múmkin ekenin biletuǵın edi.(3)** Oqıwshılardan birewi qálemsiz qalsa, muǵallimler:

– Bar, artıqsha qálem alıp júretuǵın baladan alıp kel! – deytuǵın boldı.

Balam mektepti joqarı bahalar menen pitkerdi. Bul qayırlı isin elege shekem dawam etedi.

1. Tapsırma . Tekst mazmunına say keletuǵın naqıl-maqal tawıp jazıń.
   **Juwap:**_______________________________________________
   
   _________________________________________________________
2. Tapsırma. 1-sanı menen ajıratıp kórsetilgen tuwra gáp hám avtor gápin ózlestirilgen gápke aylandırıp jazıń.
   **Juwap:**_______________________________________________
   
   _________________________________________________________
3. 2-sanı menen ajıratıp kórsetilgen gápte qollanılǵan kómekshi sóz qanday xızmet atqarıp turǵanın jazıń.

**Juwap:**
___________________________________________________________
___________________________________________________________

4. 3-sanı menen ajıratıp kórsetilgen gáp qospa gáptiń qaysı túri ekenligin jazıń.
**Juwap:**_____________________________________________________
___________________________________________________________